दिन–रविवार दिनांक–26.05.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक सातम आ अंतिम चरणक चुनाव प्रचार चरम पर पहुँचि गेल अछि। सभ पार्टीक प्रमुख नेता आ स्टार प्रचारक लोकनि लगातार चुनाव रैली के संबोधित कऽ रहल छथि। एहि चरण मे आठ संसदीय क्षेत्र – नालंदा, पाटलिपुत्र, पटना साहिब, आरा, बक्सर, सासाराम, काराकाट आ जहानाबाद सीट पर एक जून के मतदान हेबाक अछि। भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष जेपी नड्डा आइ जहानाबाद मे एनडीए उम्मीदवार चंदेश्वर प्रसादक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि। श्री नड्डा कहलनि जे भारत मे आइ मजगूत सरकार अछि, जे देशक भीतर आ देशक बाहर सेहो अपन नागरिकक सुरक्षा मे सक्षम अछि। ओ दावा कयलनि जे एहि चुनाव मे जनता भ्रष्टाचार, परिवारवाद आ जंगलराजक विरूद्ध एनडीएक समर्थन मे पैघ स्तर पर मतदान कऽ रहल छथि। श्री नड्डा आरा आ नालंदा लोकसभा क्षेत्र मे सेहो एनडीए उम्मीदवारक पक्ष मे सभा के संबोधित कयलनि।

---

ओम्हर, भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह सेहो आइ सासाराम संसदीय क्षेत्रक कैमूर मे आ काराकाट मे चुनावी सभा के संबोधित करैत एनडीए उम्मीदवारक समर्थन मे शत प्रतिशत भोट देबाक अपील कयलनि। राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव सेहो बक्सर, काराकाट, अरवल, नालंदा आ पाटलिपुत्र लोकसभा क्षेत्र मे महागठबंधनक प्रत्याशीक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित कयलनि।

---

कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे सासाराम लोकसभा क्षेत्रक महागठबंधन प्रत्याशीक समर्थन मे कैमूरक मोहनिया मे सभा के संबोधित कयलनि। श्री खड़गे कहलनि जे कांग्रेस पार्टी आ इंडिया गठबंधन संवैधानिक मूल्यक रक्षा करऽ मे सक्षम अछि। ओ कहलनि जे हुनक पार्टी अपन घोषणा पत्र मे असंगठित क्षेत्र लेल जे बात कहलक अछि सरकार बनला पर ओकरा पुरा करत। राष्ट्रीय जनता दलक नेता मनोज झा भाजपा पर बदलाक भावना सँ राजनीति करबाक आरोप लगौलनि अछि। ओ पटना मे संवाददाता लोकनि के जनौलनि जे

प्रधानमंत्री श्री मोदी पार्टी नेता तेजस्वी यादव के चुनावक बाद जेल पठेबाक बात कऽ रहल छथि, जे अनुचित अछि।

———————————————————————

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता राहुल गांधी काल्हि पटना साहिब संसदीय क्षेत्रक खुसरूपुर आ पाटलिपुत्र लोकसभा क्षेत्रक पालीगंज तथा आरा लोकसभा क्षेत्रक जगदीशपुर मे महागठबंधन उम्मीदवारक समर्थन मे चुनावी सभा के संबोधित करताह।

———————————————————————

सारण जिलाक पुलिस अधीक्षक गौरव मंगलाक स्थानांतरण कऽ देल गेल अछि। हिनका स्थान पर मुजफ्फरपुरक  रेल पुलिस अधीक्षक आशीष कुमार के सारणक नव पुलिस अधीक्षक बनाओल गेल छनि। निर्वाचन आयोगक अनुशंसा पर राज्य सरकार एहि संबंध मे अधिसूचना जारी कऽ देलक अछि।

———————————————————————

हज यात्रा लेल गया हवाई अड्डा सँ प्रदेशक आजमीन लोकनिक  आइ सँ यात्रा शुरू भऽ गेलनि। तीन सय बीस हज यात्री के लऽकऽ पहिल जत्था गया हावाई अड्डा सँ मक्का आ मदीना लेल विदा भेल। एहि अवसर पर राज्य हज कमिटीक पदाधिकारी आ जिला प्रशासनक वरिष्ठ अधिकारी लोकनि उपस्थित छलाह।

———————————————————————

दरभंगाक कामेश्वर सिंह संस्कृत विश्वविद्यालय आचार्य प्रथम, द्वितीय आ तृतीय सेमेस्टरक संग–संग शास्त्री प्रथम आ द्वितीय वर्षक परीक्षा परिणाम घोषित कऽ देलक अछि। कुल चारि हजार छओ सय अड़सठि छात्र–छात्रा मे सँ नवासी प्रतिशत विद्यार्थी उतीर्ण भेल छथि। एक सय सनतानवे विद्यार्थीक परीक्षा परिणाम किछु कारण सँ लंबित रहि गेल अछि।

———————————————————————

पटनाक विद्यापति भवन मे आइ कवि कोकिल विद्यापतिक जीवन पर आधारित एक सिनेमा  विद्यापतिक प्रीमियर प्रदर्शन आयोजित कयल गेल अछि। ओतहि, विद्यापति भवन मे चेतना समिति आ सुधा फांउडेशनक संयुक्त तत्वावधान मे आइ सँ छओ दिवसीय पारंपरिक गीत प्रशिक्षण कार्यशाला सेहो शुरू भेल।

---

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे भीषण गर्मीक प्रकोप जारी अछि। पटना, नालंदा, गया, बक्सर, भोजपुर, रोहतास समेत प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम आ दक्षिण–मध्य भाग मे अधिकतम पारा बेयालीस डिग्री सेल्सियस सँ उपर पहुँचि गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे चौवालीस दशमलव छओ डिग्री सेल्सियसक संग बक्सर प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। ओतहि, पश्चिम चंपारण आ पूर्वी चंपारणक किछु भाग मे मध्यम स्तरक बरखा भेल अछि। मौसम विभाग अगिला चौबीस घंटाक पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे  मधुबनी, गोपालगंज, पूर्वी चंपारण, बक्सर, नालंदा, मुंगेर समेत प्रदेशक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य स्थानक कतेको भाग मे लू चलबाक संभावना बनल अछि। ओतहि, पटना, दरभंगा, रोतहास आ नालंदा जिलाक कतेको भाग मे आइ गर्म राति रहबाक आशंका अछि।

---

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।